



Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU KONBAT PWOBLÈM SANZABRI EPI DEVLOPE LOJMAN NAN PRI ABÒDAB NAN VIL NEW YORK

***Lejislasyon S.6573/A.8009 ogmante valè kupon FHEPS yo, anpeche ekspilsyon epi mete lojman ki estab ki nan pòte fanmi ki gen revni ki fèb yo***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen nan Manhattan lejislasyon S.6573/A.8009 ki rann kupon lojman disponib pou fanmi ki kalifye yo dapre pwogram Pwoteksyon Sipleman tè pou Fanmi Sanzabri ak kont Ekspilsyon (Family Homelessness and Eviction Protection Supplement, FHEPS) nan Vil New York. Lejislasyon sa ogmante montan maksimòm ki ka peye dapre pwogram PHEPS la pou kouvri vrè depans nan Vil New York, youn nan mache lojman ki pi chè nan peyi.

"Kriz sanzabri, menm jan ak pandemi COVID-19 la, te fè ravaj nan eta nou an ki afekte kominote Nwa ak Latino yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York la pou travay ak Vil New York pou sipòte fanmi k ap fè fas ak difikilte san presandan. Mwen vle remèsye Majistwa ki eli a, Adam pou patenarya li pandan n ap travay ansanm pou konfwonte pwoblèm sa anfas. Chak moun merite diyite pou yon twa sou tèt yo, epi mwen fyè pou siyen lejislasyon sa k ap fè sa yon reyalyte pou Nouyòkè ki nan bezwen yo."

Pwojè sa ap elaji aksè nan FHEPS pou sèvi plis fanmi ki nan bezwen, asire ke plis fanmi evite ekspilsyon lè yo rete lakay yo epi yo plase nan lojman ki estab. Pwojè lwa sa ap ogmante limit lwaye yo de 85 pousan 100 pousan Lwaye Mache Ekitab Depatman Lojman ak Devlopman Iben an (Department of Housing and Urban Development). Anplis, FHEPS se sèl pwogram prevantif ki disponib pou sivivan vyolans domestik yo k ap resevwa asistans piblik. Lè nou ogmante nivo FHEPS yo epi anpeche plis ekspilsyon, sa ap pèmèt Eta ak Vil la reyalyze objektif mityèl pou itilize FHEPS la pou kenbe Nouyòkè yo nan lojman pèmanan, ki pa nanabri, epi konekte ak sèvis sosyal pou amelyore kapasite yo pou finalman debarase de chaj travay la.

Siyati lejislasyon sa se dènye etap Gouvènè Hochul te pran pou konbat kriz lojman an nan New York. Nan kòmansman semèn sa, Gouvènè Hochul te siyen [Lwa sou Loft yo](#), lejislasyon ki rann li ilegal lè yo entèwonp oswa pa bay sèvis esansyèl ak kapasite pou inite lojman miltip pwovizwa epi pèmèt lokatè yo pouswiv yon reklamasyon nan Tribinal Lojman Vil New York. Mwa pase a, Gouvènè Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te mande 996 milyon dola finansman federal sipleman tè nan Depatman Trezò

Ameriken an (U.S. Department of Treasury) pou Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans lan (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) pou ede kouvri yon bezwen ki pa t satisfè pami lokatè ak pwopriyetè k ap goumen yo. Nan mwa oktòb la, Gouvènè Hochul te siyen [pake lejislatif](#) ki vize pou solidifye dwa lokatè yo.

**Komisè Egzekitif Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a (Office of Temporary and Disability Assistance), Barbara C. Guinn, te deklare,** "Aksyon Gouvènè Hochul jodi a bay fanmi ki gen revni ki fèb nan Vil New York yo avèk opòtinite ki elaji pou gen aksè nan lojman dekalite pou yo ka evite vin sanzabri epi bay yon kay ki an sekirite epi ki sekirize pou pitit yo. Estabilizasyon lojman pou yon fanmi jodi a enpòtan anpil pou atenn rezilta ekonomik ak sosyal ki pozitif pou fanmi sa yo ak kominote nou yo."

**Senatè Brian Kavanagh te deklare,** "Remèsiman pou Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen lejislasyon jodi a, k ap asire ke plis fanmi ki sanzabri ka jwenn lojman ki estab, epi ranvèse pozisyon administrasyon anban an te kenbe pandan lontan an. Natirèlman, nou dwe fè plis pou mete fen nan pwoblèm sanzabri a epi asire ke tout Nouyòkè gen aksè nan lojman pèmanan ki sekirize, dirab, epi abòdab, men jodi a n ap pran mezi ki enpòtan vè objektif sa. Nou konnen ke apwoch sa ap pi bon mache, pi sekirize, epi pi sen pase kenbe moun yo nanabri. Mwen vle remèsye Manm Asanble Linda Rosenthal paske li defann pwojè lwa sa nan Asanble a, kolèg travay mwen Prezidan Sèvis Sesyal Sena a Roxanne Persaud pou sipò pasyone li nan Sena a, ak Pòt Pawòl Carl Heastie ak Lidè Majorité Andrea Stewart-Cousins pou lidèchip yo. Mèsi tou a plis pase 100 òganizasyon ki te pouse pou refòm enpòtan sa."

**Manm Asanble Linda Rosenthal te deklare,** "Lè li siyen lejislasyon mwen an an lwa pou ogmante montan kupon FHEPS yo pou kouvri depans lwaye reyèl, lojman ki sekirize, estab, epi pèmanan, ap nan kapasite plizyè milye fanmi New York ki vilnerab kounye a. Lojman se swen sante epi se yon dwa moun. Siyati pwojè lwa sa an lwa se yon chanjman enpòtan nan fason Eta New York abòde prevansyon sanzabri a. Jodi a, Eta a rekonèt ke li gen obligasyon moral, anplis yon travay legal, pou bayabri pou sila yo ki nan bezwen. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li, e mwen pa ka tann pou m travay ak li, ak kolèg mwen yo ak devansè yo pou devlope, finanse, epi mete anplas solisyon pandan n ap travay pou mete fen nan pwoblèm sanzabri a."

**Prezidan Awondisman Manhattan nan Gale A. Brewer te deklare,** "Pou abòde pwoblèm sanzabri a, nou dwe aji ak odas pou fanmi ki vilnerab nan tout New York ka evite ekspilsyon epi se egzakteman sa Gouvènè Hochul la pou fè jodi a. Nan non fanmi New York yo, mwen remèsye Senatè Kavanagh, Manm Asanble Rosenthal, tout defansè atravè eta a, ak Gouvènè Hochul paske li ogmante Prevansyon Siplemanntè pou Sanzabri epi kont Ekspilsyon pou kouvri depans lwaye reyèl, bay fanmi ki gen risk pou vin sanzabri yo yon kòd sovtaaj enpòtan pou estabilite lojman alontèm. Aksyon jodi a ap ede kenbe plizyè milye moun lwen lari a epi sa se pi bon bagay pou fè."

**Manm Konsèy Steve Levin te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, Manm Asanble Rosenthal, ak Senatè Kavanagh dèske yo adopte lejislasyon enpòtan sa. Nou

konnen ke lè moun ak fanmi yo gen lojman ki estab, yo pwospere. Lè nou pote pèman FHEPS yo jiska pri Lwaye Mache Ekitab la, nou ka asire ke plis Nouyòkè ki vilnerab ap rete lakay yo."

**Prezidan Komite Lojman ak Konstriksyon Konsèy Eta NY la, Manm Konsèy Robert E. Cornegy Jr. te deklare,** "Lejislasyon sa aktyalize sipò nou pou fanmi ki vilnerab yo, lè li rekonèt ke nivo FHEPS ki fikse twò fèb yo vledi yon pakou ki gen anpil defi pou jwenn lojman. Aksyon jodi a vle di fanmi New York yo ap gen plis aksè nan lojman ki estab. Lejislasyon sa bay sipò ki pi gran pou fanmi ki vilnerab yo nan kominote pataje nou yo; y ap fè fas ak yon obstak an mwens. Lè nou bay fanmi New York yo plis lapè nan lespri yo, sa sèvi kòm fondman tout politik piblik, epi sa espesyalman enpòtan pandan yon sezon fèt kote n ap leve youn lòt. Mèsi a Gouvènè Hochul, Senatè Kavanagh, Manm Asanble Rosenthal, ak lejislatè sa yo ki rekonèt enpòtans pwoblèm sa. Epi mèsi ak tout defansè lojman ak Nouyòkè ki te reyini ansanm pou fè pa annavan jodi a pou ede fanmi vilnerab yo."

**Direktè Egzekitif Goddard Riverside, Doktè Roderick L. Jones, te deklare,** "Pou anpil kominote ki vilnerab nou sèvi, lejislasyon sa bay pwoteksyon ki enpòtan, epi li se yon tanplen, pou rekipere nan konsekans masif pandemi an. Nou rekonesan anpil a Gouvènè Hochul ak Manm Asanble Rosenthal dèske yo ratifye lejislasyon sa an lwa, epi chwazi Goddard Riverside kòm kote pou fè sa. Nou angaje pou travay enpòtan ki devan nou epi pou ranfòse relasyon nou ak patnè gouvènman yo pou asire ke kominote nou yo gen resous ak sèvis vital yo bezwen pou pwospere, pandan peryòd rekiperasyon san presedan sa."

**Direktè Egzekitif Rezo Lojman ki Bay Sipò a (Supportive Housing Network) New York la, Laura Mascuch, te deklare,** "Rezo Lojman ki Bay Sipò New York la kontan anpil ke Eta a ap ogmante valè kupon FHEPS pou kouvri depans reyèl lwaye a. Sa ap ede plizyè milye fanmi sanzabri, ki enkli sila yo k ap sove pou vyolans domestik, jwenn lojman ki estab epi ka peye pou sa. Nou ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Senatè Kavanagh ak Manm Asanble Rosenthal pou lidèchip enkwayab yo sou pwoblèm sa."

**PDG ak ko-fondatè Housing Works, Charles King te deklare,** "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen Pwojè Lwa S6573/A8009, k ap pote règ pèman FHEPS Eta a nan yon nivo lwaye ki pi wo, epi ki pi enpòtan, pi pre pou ale nan menm sans ak lòt sipò lojman pou revni ki fèb yo. Lejislasyon sa se yon etab enpòtan pou asire ke fanmi ki gen revni ki fèb yo ke pwogram FHEPS Eta a sèvi yo, pa ekskli nan mache lojman an ansanm, oswa fòse nan apatman medyòk, danjere. Fanmi ki sanzabri yo, patikilyèman sila yo ki te gen difikilte oswa ekspilsyon akòz kriz COVID-19 ki ankou a, ap genyen plis aksè kounye a nan opòtinite lojman ke yo bezwen dezespereman. Ideyalman, tout pwogram asistans lwaye pou revni ki fèb yo ap anplwaye menm règ pèman, ki nan menm valè ak Kupon Chwa Lojman Seksyon 8 la, pou pa gen popilasyon ki rete dèyè nan mache lojman ki sere a."

**Direktè Egzekitif Homeless Services United, Catherine Trapani, te deklare,** "Homeless Services United rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul dèske li siyen S.6573/A.8009 an lwa, pou ogmante nivo lwaye pou pwogram asistans lwaye FHEPS Eta a. Etap enpòtan sa ap asire ke fanmi ki t ap vin sanzabri sa yo ap genyen sipò yo bezwen pou rete lakay yo jiskaske yo leve moratwa sou ekspilsyon an epi bay viktim vyolans domestik k ap kouri kite moun k ap abize yo, opòtinite pou sekirize lojman ki an sekirite, ki itilize nouvo aistans ki nan tarif mache a san yo pa bezwen antre nan yonabri. Mèsi Gouvènè Hochul, Manm Asanble Rosenthal ak Senatè Kavanagh paske yo envesti nan prevansyon kont pwoblèm sanzabri pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi loje nan fason ki estab."

**Direktè Egzekitif Adjwen pou Policy with Coalition for the Homeless, Shelly Nortz, te deklare,** "Coalition for the Homeless pi rekonesan a Gouvènè Hochul, ak moun ki te pwopoze Kavanagh ak Rosenthal, dèske yo rekonèt enpòtans vital lejislasyon sa. Nou dwe fè tout sa nou kapab nan tout nivo gouvènman an pou anpeche epi abòde pwoblèm sanzabri a epi lè nou ogmante sibvansyon lwaye sa yo nan nivo mache ki ekitab, se yon premye etap enpòtan pou kenbe Nouyòkè k ap goumen yo lakay yo. Se yon règ ki entelijan k ap fè fanmi yo ekonomi epi ekonomize lajan taks yo an menm tan."

**Direktè Egzekitif New Destiny Housing, ak ko-dirijan Family Homelessness Coalition, Nicole Branca, te deklare,** "Pandan twò lontan, resevwa yon sibvansyon lwaye FHEPS te vin piti pou ede sivivan vyolans domestik nou yo peye yon apatman nan yon vil ki tèlman chè ak ti kras lojman nan pri abòdab ki disponib. Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon k ap gen yon efè imedya epi dirab sou sivivan Vyolans Domestik nou yo ak pitit yo, k ap ba yo nouvo kay ki sekirize kote yo ka rekòmanse."

**Vis Prezidan ak Lidè Mache New York pou Enterprise Community Partners, Baaba Halm, te deklare,** "Nou bat bravo ak antouzyas pou Gouvènè Kathy Hochul dèske li ratifye an lwa pwojè lwa ki ogmante FHEPS eta a nan lwaye ekitab mache a epi paske li onore angajman li pou kenbe Nouyòkè yo loje nan fason estab. Pandemi COVID-19 la te agrandi risk pou vin sanzabri pou fanmi atravè eta New York, epi pwojè lwa sa se yon solisyon enpòtan k ap kenbe plizyè milye fanmi lakay yo pandan y ap fè ekonomi plizyè milyon nan bidjè eta a. Sa ap ofri sipò ki tèlman nesèsè an patikilye pou sivivan vyolans domestik yo. Nou remèsye Manm Asanble Linda Rosenthal ak Senatè Eta a, Brian Kavanagh pou lidèchip yo nan defann pwojè lwa sa, epi nou rekonesan pou defans devwe yo ke nou te travay ansanm pou pouse adopsyon pwojè lwa sa."

**Prezidan Gateway Housing, Ted Houghton, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul, Manm Asanble Rosenthal ak Senatè Kavanagh, pou tout efò ak lidèchip nou pou mete anplas mezi ki sanse sa pou ede Nouyòkè ki sanzabri epi ki gen risk yo pou peye pi byen pou lwe apatman pèmanan nan mache lojman ki twò chofe New York la. Adopsyon pwojè lwa sa an lwa ogmante montan kupon lwaye eta a ka peye, pou koresponn ak tarif kupon bil la ak kupon federal yo. Se yon premye etap enpòtan

pou aliye efò nou pou loje Nouyòkè vilnerab nou yo, ak yon reprezantasyon enspiran de nouvo peryòd kolaborasyon ant vil la ak eta a."

**Prezidan ak PDG Viaj Samaritan Daytop, Mitchell Netburn, te deklare,** "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon an pou ogmante anpil Pwoteksyon Sipleman tè pou Fanmi Sanzabri ak kont Ekspilsyon an. Nou te obsève nan Vilaj Samaritan Daytop kijan pandanmi an, chomaj ak depans lojman k ap ogmante te afekte Nouyòkè yo anpil. Anpil nan fanmi sa yo travay men yo pa ka peye depans lwaye ki elve yo. Atravè sibvansyon lwaye ki ogmante yo, plizyè dizèn milye Nouyòkè ki gen revni ki fèb ap finalman gen resous finansye pou soti nan lojman tranzisyon pou pase a lojman pèmanan."

**PDG Urban Resource Institute, Nathaniel M. Fields, te deklare,** "Depi pandemi COVID-19 la, pwoblèm sanzabri a te atenn nivo ke nou pa t janm obsève depi Gran Depresyon an epi majorite fanmi ak timoun yo, anpil nan yo ap chape kite vyolans domestik. Sipò y ap bay pou ede fanmi yo chape kont abi epi evite ekspilsyon ak sanzabri, vital, konbine ak pwogram pou ede moun k ap chèche sekirite jwen yon wout pou retounen nan lojman pèmanan ki dirab."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)